каби пайғамбар ва подшоҳ бўлган, инс-жинслар, дев ва парилар, ваҳший ҳайвонлар ва қушлар, илон ва ҳашаротлар, шамот ва сув ҳам унинг амрига тобе бўлган» [6:52]. Шунинг учун ҳам сурхондарёликларда ҳомиладор аёлни сув париларми ва сувда бўладиган бошқа зиёнлардан сақлаш мақсадида ўтказиладиган ритуал маросимларда Сулаймон культига қуйидаги кўринишда мурожаат қилинган:

*Тоқ Сулаймон бобо,*
*Тахтингиздан айланай.*
*Сувда орган Сулаймон бобожоним,*
*Сувингиздан айланай.*
*Тоқа кунда, тоқа ойда,*
*Ҳазил-ҳузул қилмангизлар,*
*Залал-забит қилмангизлар.*
*Айланайин тоқ Сулаймон бобожоним,*
*Тахтингиздан айланайин.*
*Сувда орган Сулаймон бобожоним,*
*Шарқираган сувингиз бор,*
*Турқираган тувингиз бор.*
*Ҳазрати тоқ Сулаймон бобожоним,*
*Сиздан мадам тилайман.*
*Пирпираган тутунингиздан,*
*Шарқираган сувингиздан,*
*Пириллаган шамолингиздан айланай.*
*Ўтган бўлса, ўтин қилинг,*
*Кетган бўлса, кейин қилинг!*

Воҳа маросим фольклорида «Сулаймон ота» ёки «Тоқ Сулаймон ота» культининг мавжудлигига сабаб Шеробод туманида жойлашган Тахти Сулаймон ота зиёратгоҳи билан боғлиқ халқ қарашлари кенг оммалашганлигидир. Шунингдек, юқоридаги маросим қўшиғининг матнида халқ оғзаки бадиий ижодига хос шеърий маҳоратнинг баъзи жиҳатлари ўз ифодасини топганлигини ҳам қайд қилиш жоиз. Бу ўринда қўлланилган аллитерация мисралар таркибидаги ундош товушларнинг оҳанг жиҳатидан ўзаро мослиги асосида юзага келган бўлиб, мисралараро оҳангдошликни келтириб чиқарган бу бадиий ҳодиса «с» товушининг такрори орқали юз берган. Б.Ҳамроқулованинг маълумот беришича, шўрчиликлар орасида «Ҳомиладор аёл сувнинг олдига борганда: «*Салом, Сулаймон ота!»* – дейиши керак, шунда унга зарарли кучлар таъсир қилмайди, чунки Сулаймон ота аёлларни девлардан қўриқлаб туради», деган ишончлар мавжуд бўлган [1:39].

Сурхон воҳасида бола туғилиши билан алоқадор маросимлар фольклорининг Тувгич момодан мадад тилаш, она-болага исириқ солиш, «ўт-ўчоқ» бериш каби ўзига хос удумлар билан боғлиқ маросимлар ўтказилгандан сўнг бола дунёга келган. Шундан кейин туққан аёл ва унинг чақалоғини момолар етти кечаю кундуз давомида қўриқлаганлар, шу кунлар ичида хонада чироқ ўчирилмаган.

**Адабиётлар**

1. Ҳамроқулова Б. Сурхондарё вилоятида болалар билан боғлиқ урф-одатлар: Тарих фанлари номз. дисс. – Тошкент, 2003.
2. ЎзР ФА Алишер Навоий номидаги Тил ва адабиёт институти Фольклор архиви. Инв.№ 9130.
3. Сухарева О.А. Мать и ребенок у таджиков (обряды и представления, связанные с материнством и младенчеством у таджиков г. Самарканда и кишлаков Кусохо, Канибадама и Шахристана) // Сборник - Иран III – М.: 1929.
4. ЎзР ФА Алишер Навоий номидаги Тил ва адабиёт институти Фольклор архиви. Инв.№1833. Ахборотчи: Бўрихол Худойқулова.
5. Жўраев М., Тоҳиров Ў. Остонаси тиллодан. – Тошкент: Мозийдан садо, 2003.
6. Мирзаева С. Ўзбек халқ афсун-дуоларининг жанр хусусиятлари ва бадиияти. – Тошкент: Истиқлол, 2006.

**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада ўзбек маросим фольклорида тухум билан боғлиқ урф-одатлар ва у билан боғлиқ магик қарашлар ҳақида фикр юритилади.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье обсуждается роль яйцо в узбекском обрядовом фольклоре и с ними связанные магические взляды.

**SUMMARY**

This article discusses the role of the egg in Uzbek ritual folklore and related magical views.

## XX ӘСИРДИҢ 60-80 -ЖЫЛЛАРЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ БАЛАЛАР ФОЛЬКЛОРЫНЫҢ ИЗЕРТЛЕНИЎ ТАРИЙХЫ

**А.М.Календерова –** *киши илимий хызметкер*
*ӨзРИАҚҚБ Қарақалпақ гуманитар илимлер Илим-изертлеў институты*

**Таянч сўзлар:** фольклор, эртак, жанр, тадқиқот, мақол ва маталлар.
**Ключевые слова:** фольклор, сказка, жанр, исследование, пословицы и поговорки.
**Key words:** folklore, fairy tale, genre, research, proverbs and sayings.

1959-1960-жыллардан баслап қарақалпақ илимпазлар тәрепинен жыйналған материаллар ҳәм сол дәўирде Н.Дәўқараев атындағы тарийх, тил ҳәм әдебият институтының бөлимлери тәрепинен исленген жумысларының жуўмағы бойынша илимий мақалалар басылып шығып турған. Қарақалпақ фольклоры бөлиминиң бир қатар илимпазлары Қ.Мақсетов, Қ.Мамбетназаров, Н.Камаловлар, Қазақстан илимпазлары А.Курусжанов, Махмудов, Б.Искаковлар менен биргеликте қарақалпақ фольклорының киши жанрларынан нақыл ҳәм мақалларды жыйнайды. Көпшилик жыйналған материалларынан сол экспедиция ағзалары қарақалпақ халқының дөретиўшилигинен нақыл ҳәм мақалларды өз алдына итибарға алады. Мақалада Қ.Мамбетназаров ертекшилердиң репертуарында сюжет қурылысы шеберлиги бойынша өзиниң күшли көркемлигин ашып берген. Ертекшиниң ертекти атқарыў шеберлигиниң айтып бериўинде «Бар екен де, жоқ екен» деген сөзлер менен басланатуғынлығын атап өтеди.

Соның менен бир қатарда, *«Қарақалпақ ертеклерин жыйнаў ҳәм оларды басып шығарыў жағдайлары»* атамасында Қ.Мамбетназаровтың илимий мақаласы басылып шығады. Бул мақалада автор қарақалпақ ертеклерин өз алдына жыйналыў изертлениў тарийхынан сюжетлик мазмуны, идеясы халықтың жақсы турмыс кешириўи жөниндеги тилеклери менен ушласқанлығы хаққында, ал 1960-61-жыллары изертлеў жумыслары айланысқа түсе басланғанлығын айтып өтеди. Мақалада автор архив материалларынан утымлы пайдаланып биринши әлипбеси С.Мажитовтың «Әлипбе», «Оқыў китабы», «Егеделер саўаты» китабында отызға жақын халық ертеклери менен легендалары жарияланады деген фактли мағлыўматты ашып береди [1]. Автор ертек жанрын изертлеў мақсетинде барлық түрдеги ертеклерди жыйнап баспаға таярлаған ҳәм солардың ишинен балаларға арналғанларын айырып алмағаны менен өз-өзинен келешекте үлкен илимий айланысқа түсетуғынлығы мақалада белгили пикирге ийе болған. Мысал ретинде: «Түйе, жолбарыс, қасқыр, түлки, сағал, ешек», «Мухтар көсе менен Духтар көсе», «Тийин», «Хожа Насреддин сөзинен».

Соның менен, *«Жумбақлардың гейпара тарийхый байланыслары мәселесине»* атлы А.Алымовтың мақаласы бастырылып шығады. А.Алымов мақаласында жум-

бақлардың ҳәр қыйлы вариантларының, оның туўысқан халықларына қатнасы ҳәм гейпара стильлик өзгешеликлери хаққында сөз етеди. Автордың илимий көзқарасы ҳәм олардың тийкарын ашып бериў мақсетинде көплеген мысаллар пайдаланады. Тийкарынан жумбақ фольклортаныў илиминиң майда жанрлар қатарына киреди, ал жанр сыпатында да, мазмун жағынан да балалар жанрына жүдә жақын. Лекин, бул тараўды улыўма фольклор тараўының бири сыпатында илимде изертлене баслайды. Соңғы жыллары жаңылтпашларды тиккелей балалар фольклорына да киргизип балалардың тилин жалықтырмайтуғын тәреплерин үйренилип атыр. Жоқарыда көрсетилген жылларда илимде балалар фольклоры деп ажыратпаған. Сонлықтан да, фольклортаныў илиминде өз алдына киши жанр сыпатында қаралып келген.

Қарақалпақ нақыл ҳәм мақаллары бойынша илимий мақалалардан Т.Ниетуллаевтың *«Қарақалпақ нақылмақалларының совет дәўиринде дөрелиўи ҳәм раўажланыў жоллары»* атап өтиўге болады [2]. Автор мақалада нақыл-мақалларға улыўма сыпатлама берип нақылларды әййемги заманлардан бери жасап киятырған аўызеки үлгилердиң бири екенлигин атап өтеди. Нақыл-мақаллар халықтың тарийхы менен тығыз байланыслы деген пикирдиң изине татар халық мақалынан мысал келтиреди «Дүньяда тилсиз яки жырсыз муңсыз халық болмағаны киби, мақалсыз халық та болмайды», халық нақыл-мақаллар арқалы узақ ойды қысқартып турмыстың қыйын соқпақларынан жеңип өтиўине үлкен жәрдем береди деген түсиниктен баслайды.

И.Қурбанбаевтың «Балалар әдебиятының изертлеў мәселесине» атамасында илимий мақаласы шыққан. Мақалада балалар әдебиятына, балалардың рууҳый талапларына сәйкес көп әдебий балалар шығармалары прозасы, поэзиясы, драмаларының өсиўи хаққында кеңнен атап өтеди. Автор балалар әдебиятының критикасы басқа жанрларға қарағанда артта қалып баратырғанлығында атап өтеди. Мақаласының талқыламасында қарақалпақ балалар әдебиятында дөрелген көркем әдебият шығармаларының сапасының қандай дәрежеде екенлигин, сондай-ақ бул миллий балалар әдебияты заманымыздың талабына қарай буннан былай да раўажландырыў ушын теориялық қандай мәселелерди ислениў зәрүрлиги, жас қахарманлар образының жетискенлик ҳәм кемшилик тәреплери, балалар әдебияты проблемалары, мәселелери туўралы изертлеў жумысларының алып барылмағанлығы хаққында үлкен мәселе етип қояды [3]. Мақаласында автор яғный И.Курбанбаев балалар әдебияты бойынша сол жыллары газета - журналларда басылып шыққан мақалалардан Б.Исмайыловтың «Кишкене оқыўшылар жоқары сапалы шығармалар күтеди» (/«Қызыл Қарақалпақстан» 1953), С.Ниетуллаевтың «Халық шайырларынан балаларға сауға» (/«Совет Қарақалпақстаны» 1958), Н.Камаловтың «Урыс дәўиринде жеткиншеклер қосығы» (/«Жеткиншек» 1963), Ә.Тәжимуратовтың «Бесик жыры ҳәм балалар қосықлары» (//«Әмиўдәрья» 1965, №2), Н. Худайбергеновтың М. Сейтназаровтың жаңа топламлары туўралы (//«Әмиўдәрья» 1962 №4). Жазыўшылардан Сейтназаровтың «Балалар әдебиятының ҳәзирги жағдайы» (//«Әмиўдәрья» 1969, №6), М.Сейтниязовтың «Балаларға үлкен әдебият керек» (//«Әмиўдәрья» 1970, №6) деген мақалаларында илимий пикирлерди айтып өтеди. И.Курбанбаев бул мақаласында балалар әдебиятының туўылыў дереклерин, қайсы дәўирде туўылғанлығын, қәлиплесиўин ҳәм раўажланыўын атап өтип, ҳәм басып өткен узақ жолларында қандай ғәзийнелерди дөреткенлиги хаққында пикирин айтып өтеди. Ең әҳмийетлиси, бизиң илимий объектимизге тийислиси –бул автордың әдебияттың алтын ғәзийнесиндеги мийрасларға қарағанда Қарақалпақ балалар әдебиятының дереклери ертеден халықтың аўыз әдебияты, оның үлгилери болған нақыл ҳәм мақаллардан, эпослық шығармаларда балаларға арналған мийрас мотивлерден туўылғанлығын көрсетип өтеди. Бул «Қарақалпақ балалар әдебияты тарийхынын очерклери» деп китап балалар әдебияты жөнинде болғаны менен қарақалпақ балалар фольклоры жөнинде кең изертлеў жумысы жүргизилген мийнетлердиң бири болды [4]. Илимпаз қарақалпақ балалар әдебиятының тийкарын фольклордан излей отырып оған өз алдына бир бабын арнаған. Жумыстың биринши бабы «Балалар әдебиятының фольклордағы үлгилери» деп аталған. Усы бабында автор қарақалпақ балалар фольклорына толық анализ жасаған. Балалар фольклорының жанрларын « Балалар қосықлары», «Жаңылытпашлар», «Нақыл ҳәм мақаллар», «Жумбақлар», «Ертеклер», «Эпослық шығармаларда балалар фольклорына дерек мийраслар» деп, балалар фольклорын бөлимлерге бөлип изертлейди. Бунда «Эпослық шығармаларда балалар фольклорына дерек мийраслар» деген бөлимин есапқа алмағанда балалар фольклорының тийкарғы жанрларын изертлеген. Усы бөлими басқа фольклорды изерлеген илимпазлардың мийнетлеринде көринбейди. Автор өз мийнетиниң бул бөлиминде эпослардағы балалар фольклорына тийисли мотивлер, сюжетлер хаққында сөз етеди. Балалар фольклорын қаҳарманлық дәстанлардан излеген жумыс. Усы жағынан И.Курбанбаевтың балалар фольклорын изертлеўде жаңалық ашты. «Алпамыс», «Қоблан», «Қырық қыз» дәстанларында батырдың туўылыўы, оның тез өсиўи, батырдың дәслепки көрсеткен ерлиги булар балалар ушын қызықлы, балалаларға арналған сюжетлер. Сонлықтан, автордың пикири, балалар фольклорын дәстанлардан излеўи фольклортаныў илиминде жаңалық болды. Автор балалар фольклорына «Бесик жырын», ямаса «Хәйиў-хәйиў» ең биринши мәртебе балаға арналған қосығының алдында жоллама дәстүр «Бесик шабыў» халықта болғанлығын айтып өтеди. Жумыста қарақалпақ балалар фольклорына бесиктен кейин «ғаз-ғаз», ямаса «тәй-тәй» оған жоллама дәстүр «Тусаў кесиў» көпшилик жағдайларда халық арасында бар екенлигин айтып өтеди. Бул мийнет бизиң изертлеў объектимиздиң қарақалпақ балалар фольклорының 1960-1980-жыллары изертлениў тарийхың тийкарғы мийнетлердиң бири деп есаплаўға болады. Себеби, сол жыллары илимди раўажландырыў мақсетинде көп материаллар жыйналып, бирақ илимий жантасыўлар жолға қойылмаған еди. Тек халық арасынан жыйналғанлығы, халық арасында көплеген дәстүрлердиң жасап атырғанлығы хаққында баспасөзлерде мағлыўматлар жарияланып туратуғын болған.

А.Алымовтың *«Қарақалпақ жумбақлары жанрының өзгешеликлери»* атамасындағы мақаласы басылып шығады. Автор жумбақ жанрының бир неше формаларының бар екенлиги олардың өзгешеликлерин кеңнен талқлайды. Мақалада жумбақлардың тийкарғы белгилеринен: затлардың сыр сыпатын, купыя белгилери менен атын астарлы түрде көркем сүўретленип ортаға тасланыўы. Қарақалпақ дәстүринде жумбақларды қыз-жигитлер, жасы үлкен адамларға шекем кишигирим отырыспақлардан баслап үлкен мерекелерде айтысатуғын болған. Автор жумбақлардың халық арасында, турмыста жасап атырғанын оның халық ортасындағы поэтикалық әҳмийетин кеңнен ашып береди [5]. Сонлықтан, жумбақ дөретиўшиниң тили шебер, турмысты жақсы билетуғын тәжирийбеге ийе болған адамларғана атқаралады. Көплеген мысаллар келтирген, мәселен дийқанға байланыслы жумбақлар *«Жерден шығар сайланып, орта жасқа келгенде белине найза байланып»(жүўери), «Ақсақаллы сарылар қолтығында наны бар»(бийдай),* аңшыларға байланыслы *«Бир ийтим бар қабаған, алқымына кийим*

*жамаған»(қақпан),* балықшыға байланыслы «*Басы бар да шашы жоқ, көзи бар да қасы жоқ»(балық)*, саўдагерге байланыслы жумбақлар *«Алты аяқлы, талдан таяқлы арқасында қуйрықлы адамзаттың буйрығы»(тәрези)*. Автор жумбақлардың проза менен қосық араласып келетуғынлығы, ол да жанрлық өзгешелигиниң бирин атап өтеди. Мақалада автор жумбақларды анализлей отырып, өзгешелигиниң бирине қарсы пикирлерди билдиреди. Лекин, сол тәреплери изертлеўимизге керекли тәреплердиң бири болып табылады. Себеби, жумбақларды балалар жанры деп өз алдына илимий айланысқа тартпаған, ҳәм сол мәҳәлде көпшилик илимпазлардың балалардың айтысатуғын ойыны деген пикирди де атап өтеди. Қарсы пикирге автор балалардың санасына жумбақлардың кең мәнилиги сыймайтуғынлығын айтып өтеди. А.Алымов мақаласында жумбақларды эпиўайы ҳәм қурамалы жумбақлар деп еки топарға бөледи. Ол жумбақлардың поэтикалық тилин, жеке образдың жаңадан тәкирарлаўлары, метафора ҳәм теңеўлер, өзгеше сөз дизбеклери ҳәм ең тийкарғысы дәстүрлигин атап өтеди. Бизиң изертлеў жумысымызға ең жақын тәрепи автор мақаласында жаңа жумбақлардың оқыўшылар тәрепинен өзлестирилген, балалардың санасына аңсат ҳәм халықлық болып кеткен мысаллар келтиреди. Мәселен, «Қолы жоқ сүўрет салады, тиси жоқ тислеп алады»(суўық), «Еки туўылып бир өледи»(құс), русша варианты «Выше лошади, ниже собак»(седло), «Без рук без ног, а двери открывают»(ветер), қазақша варианты «Ай далада ақ отаў, аўзы мурны жоқ отаў»(мәйек). Соның менен бир қатарда қандай фольклорлық жанрды изертлемесин, оның бир тәрепи балаларға арналған. Себеби, қарақалпақ халқы көп балалы шаңарақлы халық.

**Әдебиятлар**


1. Мәмбетназаров Қ. Қарақалпақ ертеклерин жыйнаў ҳәм оларды басып шығарыў жағдайлары. // «Вестник» №4, 1964.
2. Ниетуллаев Т. Қарақалпақ нақыл-мақалларының совет дәўиринде дөрелиўи ҳәм раўажланыў жоллары. // «Вестник» №4,1968.
3. Курбанбаев И. Балалар әдебиятын изертлеў мәселесине. // «Вестник» №2, 1970.
4. Курбанбаев И. Қарақалпақ балалар әдебияты тарийхының очерклери. –Нөкис: 1974.
5. Алымов А. Қарақалпақ жумбақлары жанрының өзгешеликлери. // «Вестник» 1972, №1.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада 1960-1980 йилларда қорақалпоқ болалар фольклорини ўрганиш тарихи хақида сўз боради. Мақола муаллифи илмий нашрларни ўрганиб, ўша йилларда болалар фольклори алохида фан сифатида қаралмаган, аммо баъзи масалалар қорақалпоқ фольклорининг кичик жанрларида кўриб чиқилган деган хулосага келади. Муаллифларнинг исмлари ва мақола номи, тадқиқотнинг мазмуни ва мохияти аниқ кўрсатилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассмотрены вопросы истории исследования каракалпакского детского фольклора в 1960-1980 годы. Автор статьи изучив научные публикации приходит к выводу, что детский фольклор не рассматривалась как отдельная наука в те годы, но некоторые вопросы были рассмотрены в малых жанрах каракалпакской фольклористики. Указаны конкретные имена авторов и названия статей, содержание и сущность исследования.

**SUMMARY**

The article deals with the history of the study of Karakalpak children's folklore in 1960-1980. The author of the article, having studied scientific publications, comes to the conclusion that children's folklore in those years was not considered as a separate science, but some issues were considered in small genres of Karakalpak folklore. The names of the authors and the title of the article, the content and essence of the research are indicated.


## МЕМУАРЛЫҚ ШЫҒАРМАЛАРДА МИЛЛЕТ ЗЫЯЛЫЛАРЫ ТӘҒДИРИ

(Қ.Камаловтың мемуарлық шығармалары мысалында)


**Б.Х.Нурабуллаев –** *излениўши*

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*



**Таянч сўзлар:** мемуар, тарихий мемуар, сиёсий давр, ижтимоий-сиёсий арбоб, зиёли, репрессия.

**Ключевые слова:** мемуар, исторический мемуар, политический период, общественно-политический деятель, интеллектуал, репрессия.

**Key words:** memoir, historical memoir, political period, social and political figure, intellectual, repression.


Жекке инсан тәғдири ямаса жекке тулғалардың миллеттиң жәмийетлик-тарийхый өмириндеги орнын, халқы ушын ислеген хызметлерин үйрениўде *жәмийетлик-сиясий ғайраткерлер* тәрепинен жазылған мемуарлар үлкен әҳмийетке ийе. Әсиресе, шығарма авторы жәмийетлик жумысларға мәмлекетлик дәрежеде араласса, өз дәўириниң ири мәселелерин, дәўир шынлығын анық фактлер тийкарында сүўретлейди ҳәм бундай шығармалар ҳүжжетлилик ҳәм тарийхый мағлыўматнамалық сыпаты менен өзгешеленеди.

Жәҳән әдебияты тәжирийбесинде өмири мәмлекет турмысы менен тығыз байланыслы көрнекли жәмийетлик искерлердиң мемуар жазыў дәстүри өз алдына әдебий тенденция дәрежесине көтерилген. Мәселен, АҚШтың тийкарын салыўшылардың бири Б.Франклинниң «Бенжамин Франклинниң өмири» атлы мемуар қыссасын (1728) заманласлары Ю. Цезарьдың мемуарлары менен салыстырған, ҳәттеки әмелий жақтан оннан жоқары қояды.

Ҳинд халқының жолбасшысы, «уллы қәлб ийеси» атанған М. Гандидиң «Мениң өмирим» (1927), Уллы Биртанияның премьер-министри У. Черчилльдиң «Ойлар ҳәм басымнан кеширгенлерим» (1932), «Уллы заманласларым» (1939), «Қәдембе-қәдем» (1939) ҳәм т.б. жәмийетлик сиясий ғайраткерлердиң мемуарлары да жәҳән әдебиятында өзиниң айрықша орнына ийе.

Қарақалпақ әдебиятында Қ.Камалов «Ел хызметинде», А.Қунназаров «Жети асырым» (2000), Қ.Өтениязов «Ойларыма өзеклес өмирим» (2001), С.Қаниязов «Алтын жағыс» (2006), А.Досназаров «Естен өшпес мәўритлер» (2017) сыяқлы басқа да белгили жәмийетлик-сиясий ғайраткерлер тәрепинен дөретилген бир неше мемуарлық шығармалар дүнья әдебиятындағы сол дәстүрдиң бизиң әдебиятымызда да турақласа баслағанын көрсетеди. Демек, бүгинги күнде әдебияттаныў илиминде бул мәселеге арнаўлы дыққат аўдарыў ўақты келди.

Жәмийетлик тулғалар қәлеминен дөреген мемуарлық шығармалардың ең әҳмийетли тәрепи: оларда сол дәўирдиң жәмийетлик-сиясий, социаллық-руўхый, тарийхый мазмуны терең сәўлеленеди. Биз атап өткен шығармалар арасында жигирма жылдан асламырақ ўақыт Қарақалпақстанның биринши басшысы болып ислеп, елимиздиң жәмийетлик-сиясий, экономикалық жақтан раўажланыўына үлкен үлес қосқан белгили жәмийетлик-сиясий ғайраткер Қ.Камаловтың «Ел хызметинде» (1995, 2018) мемуарлық шығармасы анық фактлер тийкарында белгили бир дәўирге тән сиясий турмыс сәўлеленген ҳәм мәмлекеттиң заманагөй сиясий искерлери ушын тарийхый тийкар болып хызмет ететуғын қунлы шығарма сыпатында айрықша итибарға ылайық.